

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÈKOMÈNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Panalungtikan anu judulna “Buku Kumpulan Sajak *Kalakay Budah* Karya Yous Hamdan (Ulikan Struktural jeung Semiotik)”, tina 10 sajak nu dianalisis kapaluruh aya struktur lahir (diksi, imaji, kecap kongkrét, gaya basa, jeung imaji), struktur batin (téma, rasa, nada, jeung amanat), jeung semiotikna (heuristik, hermeneutik, matriks, modél, varian, jeung hipogram). Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta nya éta métode deskriptif analitik. Éta métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sajak-sajak Yous Hamdan dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah*. Téhnik anu digunakeun nyaéta dumasar kana ulikan struktur lahir konsép Alton C. Morris, struktur batin I.A. Ricard, jeung semiotik konsép Riffaterre.

Hasil panalungtikan struktur lahir nu kahiji nyaéta diksi. **Diksi** tina sajak-sajak nu aya dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* leuwih nyoko kana lingkungan sabudeureunna. Hasil panalungtikan nu kadua nyaéta imaji. **Imaji** nu kapaluruh aya opat nyaéta panénjo, pangdégé, pangrasa, jeung gerak. Imaji panénjo sacara umum nénjo kana kaayaan sabudeureun, awak, jeung kayayaan alam. Imaji pangdégé lolobana nyaéta pangdégé kana sora nu dikaluarkeun ku jelema jeung sora-sora anu kaluar ti sabudeureunna. Ari imaji pangrasa leuwih kana rasa nu bisa dirasakeun ku unggal jelema. Pamungkas, imaji gerak nu kapaluruh leuwih kana hal nu aya patalina atawa anu ilahar kajadian di lingkungan sabudeureun. Hasil panalungtikan struktur lahir nu katilu nyaéta **kecap kongkrét**. Yous Hamdan, tina sajak-sajak nu aya dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* loba ngagunakeun kekecapan nu keur kajadian atawa geus kajadian di sabudeureunna. Struktur lahir nu kaopat nyaéta gaya basa. **Gaya basa** nu kapaluruh tina 10 sajak dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* aya tilu, nyaéta mijalma, rarahulan, jeung ngupamakeun. Yous Hamdan dina nyieun sajak-sajak nu aya dina buku kumpulan sajak *Kalkay Budah* leuwih ngagunakeun gaya basa mijalma, nyéta ngabandingkeun barang anu cicing atawa barang nu teu nyawaan disaruakeun jeung barang anu usik atawa barang anu nyawaan. Struktur lahir nu kaopat nyaéta

purwakanti. **Purwakanti** nu kapaluruh aya opat, nyaéta pangluyu, maduswara, mindoan kawit, jeung laraswekas.

Anapon hasil panalungtikan struktur batin nu kahiji nya éta téma. **Téma** nu kapaluruh dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* aya tilu, nyaéta agama, sosial, alam, jeung lalampahan. Ari struktur batin anu kadua nyaéta rasa. **Rasa** nu kapaluruh téh aya rasa sedih, keueung, reueus, jeung bingung. Struktur batin nu katilu nyaéta nada. **Nada** nu kapaluruh tina 10 sajak nu dianalisis dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan aya lugas, pasrah jeung nyindir. Struktur batin nu kaopat nyaéta amanat. Sacara umum **amanat** nu kapaluruh dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan nyaéta kudu inget ka Gusti Allah.

Salian ti dianalisis strukturna, ieu sajak ogé dianalisis semiotikna. Dina semiotik *tahap* mimiti (heuristik). Kapanggih ayana sababaraha kecap nu teu saluyu jeung tata basa Sunda. Tapi dina semiotik *tahap* kadua (hermeneutik), kakara kapanggih ma'na nu sagemblengna ngeunaan eusi jeung udagan tina unggal sajak nu dianalisis. Tahap katilu nyaéta matriks, modél, jeung varian. Tina 10 sajak nu dianalisis, unggal sajak ngabogaan hiji modél. Analisis nu kaopat aya hipogram. Sacara umum hipogram nu kapanggih dina 10 sajak nu dianalisis nya éta hipogram aktual. Tina 10 sajak nu ngabogaan hipogram poténsial aya dina lima sajak. Hipogram nu digunakeun dina unggal sajak ngagunakeun tempat atawa barang.

Sabada ditalungtik, bisa dicindekkeun yén sajak-sajak nu aya dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* miboga struktur lahir jeung struktur batinna. Salian ti struktur lahir jeung batin, ieu sajak ogé miboga heuristik, hermeneutik, matriks, modél, varian, jeung hipogramna. Sacara umum ieu sajak nyaritakeun hubungan manusa jeung Gusti Allah, ku kituna loba pisan pangaweuuh nu bisa kacangking ku pamaca ngeunaan agama ngaliwatan ieu buku kumpulan sajak.

## 5.2 Implikasi

Implikasi tina dilakukeunna ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan jeung neuleuman pangaweruh ngeunaan kasusastraan Sunda hususna sajak. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh pamaca ngeunaan maham sajak nu ngagunakeun analisis struktur lahir, struktur batin, jeung semiotik.

### 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya rékoméndasi ti panalungtik pikeun pamaca saperti kieu.

- 1) Pikeun panalungtik, dipiharep aya panalungtikan satuluyna nu aya patalina jeung sajak sangkan kasusastraan Sunda hususna sajak bisa leuwih dipikawanoh ku masarakat
- 2) Pikeun masarakat akademis, dipiharep pikeun kahareupna bisa nalungtik ieu karya bagian medar ajén éstétika jeung ajén moralna sangkan sajak-sajak nu aya dina ieu buku bisa dipikaharti leuwih jero deui.
- 3) Pikeun masarakat, dipiharep panalungtikan ngeunaan Buku Kumpulan Sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan sajak-sajak Sunda katut tiori analisis struktur, struktur batin, jeung semiotikna. Salian ti éta, panalungtik ngarékoméndasikeun yén maca mangrupa salasahiji cara pikeun ngaprésiasi ieu panalungtikan, lantaran hasil tina ieu panalungtikan katitén ieu karya miboga ajén nu bakal kacangking tina amanatna.